

Pou ki sa vil Nouyòk modifye pwogram VIH/SIDA li anseye nan lekòl yo?

Depi 1987, règleman Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) egzije lekòl yo fè kou sou VIH/SIDA apatide klas jadendanfan rive klas 12yèm ane. Vil Nouyòk mete anplas pwogram VIH/SIDA a pou elèv ki nan lekòl leta yo pandan ane 1990 yo. Enfòmasyon sou jan VIH/SIDA devlope, tretman maladi a, ak sa pou moun fè pou yo pa atrap maladi a chanje depi lè yo te ekri pwogram ansèyman an premye fwa. Nouvo pwogram ansèyman an, nou pibliye an 2005, gen ladan l nouvo enfòmasyon medikal pou pèmèt moun jwenn enfòmasyon presi ki baze sou lasyans. Pa egzanp, nouvo medikaman pèmèt moun ki gen VIH/SIDA viv pi byen e pi lontan. Pwogrè nan domèn medikal diminye tou pousantaj moun ki kontamine ak VIH pandan gwosès ak akouchman. Sepandan, byenke pwogrè sa yo bay nou nouvo espwa, VIH/SIDA toujou reprezante yon menas grav. Pa ko gen tretman pou moun ki enfekte ak VIH. Pa gen vaksen pou anpeche moun atrap li. Se pa tout moun ki gen avantaj jwenn nouvo medikaman yo. Se pou sa, li bon pou moun ranseye yo sou jan pou yo pwoteje tèt yo kont enfeksyon sa a.

Èske moun bezwen swiv klas sa yo vre?

Wi. Rechèch demontre pakèt jenn moun toujou gen konpòtman k ap fè yo riske kontamine ak VIH.

Kouman pwofesè yo òganize yo pou abòde sijè enpòtan e konplike sa yo?

Gen yon seri pwogram ki founi estaj fòmasyon pou prezante nouvo pwogram ansèyman an ba administratè ak pwofesè yo, epi pou mete adispizyon yo asistans teknik. Pwogram fòmasyon yo kòmanse ann Oktob 2005 e y ap kontinye jisko prentan.

KÈK REZON KI FÈ NOU BEZWEN YON PWOGRAM VIH/SIDA NAN LEKÒL LETA NAN VIL NOUYÒK YO

Nou dwe kòmanse anseye timoun ak adolesan bonè pou yo pwoteje tèt yo kont VIH/SIDA.

Vil Nouyòk se pwen santral pou VIH/SIDA nan Amerik. Gen la pi gran kantite moun ki gen SIDA pase tout lòt kote nan Etazini, e li se dezyèm vil apre Distri *Columbia* kote ki gen plis nouvo ka SIDA nan nasyon an.^{1,2}

Transmisyon hetewoseksyèl reprezante 33 % nouvo ka yo detekte pou ane 2004.²

Nan ane 2005 lan, nan yon ankèt ki fèt 48 % elèv lekòl segondè leta nan vil Nouyòk yo revele yo pa janm fè sèks.³

Dizwit pousan elèv lekòl segondè leta nan vil Nouyòk yo deklare yo fè sèks ak 4 gason oswa plis pandan tan yo sou tè a.³

Trant pousan elèv lekòl segondè leta nan vil Nouyòk yo ki ap fè sèks pa itilize yon kapòt dènye fwa yo fè sèks. Konsa yo ogmante risk pou yo ak patnè yo atrap VIH/SIDA, lòt enfeksyon ki ka transmèt pa sèks, e lòt gwosès yo pa pare pou sipòte.³

Dapre ankèt ki fèt nan ane 2003, ti jenn fi adolesan reprezante mwatye ka VIH pami moun laj trèz a disnèf ane.⁴

Otezani, nan fen ane 2004, apeprè 529 113 moun ki enkli 15 798 pou ane 2004 la, mouri ak SIDA.²

¹Report of the New York City Commission on HIV/AIDS, Oct. 31, 2005; ²CDC, *HIV/AIDS Surveillance Report*, Vol. 16, 2005; ³2005 NYC Youth Risk Behavior Survey (YRBS), NYC Department of Education/NYC Department of Health & Mental Hygiene; ⁴CDC, *HIV/AIDS Surveillance in Adolescents (through 2003)*.



Depatman Edikasyon vil Nouyòk
Joel I. Klein
Chanselye

EDIKASYON VIH/SIDA

Materyèl ki koresponn ak laj timoun yo

Pou elèv klas jadenfanfan rive klas 12yèm ane

Nou travay avèk Depatman Lasante ak lnyèn mantal vil Nouyòk pou prezante enfòmasyon medikal presi

Nou abòde pwoblèm lan yon jan ki fè sans e nou baze n sou opinyon paran yo ak kominote a

Kouman kou yo ede elèv yo ret an sante?

Nouvo pwogram VIH/SIDA a founi ansèyman apwopriye ki koresponn ak laj e devlopman timoun yo pou ede jenn timoun ak adolesan konprann karakteristik VIH/SIDA, jan moun transmèt li, jan moun ka pwoteje tèt yo, ak jan pou moun ba zanmi yo oswa moun yo renmen ki ap viv ak VIH/SIDA sipò. Nan kou yo pwofesè yo itilize estrateji ki ranfòse enpòtans pou timoun yo kominike ak paran yo, gadyen legal yo, pwofesè yo, ak lòt granmoun konsène ki ap okipe yo. Yo fè nan klas yo aktivite entèaktif ki konsantre sou ladrès tankou fè elèv yo fè pwojè e fikse tèt yo yon objektif, fè yo kominike, fè yo gen kouraj pou yo di sa yo kwè, fè yo kapab pran desizyon, epi fikse limit pou tèt yo e pou lòt moun. Pou respekte yon plan edikasyon ki fikse sou lasante anjeneral, elèv yo pa etidye sèlman VIH, men yo etidye tou kouman kò nou rete an sante oswa atrape maladi.

Antanke paran, kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou sa pitit mwen an pral aprann lekòl?

Nou ankouraje paran ak gadyen yo revize foto-kopi pwogram sa a nou mete adispizyon yo nan lekòl pitit yo oswa yo ka jwenn li afiche nan www.nycenet.edu/HealthEd.

Ou ka tcheke tou pou w wè lè yo pral fè sesyon enfòmasyon pou paran yo nan lekòl pitit yo. Direktè a ak lòt manm pèsònèl yo pral diskite sou jan pwofesè yo pral prezante kou sa yo. Kòm pou tout sijè nan domèn edikasyon sanitè, li enpòtan pou paran yo konprann sa pitit yo ap aprann lekòl e ede pitit yo viv an sante epi ret an sante.

Direktè yo gen responsablite asire yo fè chak ane yon minimòm senk kou sou VIH/SIDA nan klas jadendanfan jiska klas 6yèm ane, e yon minimòm sis kou nan klas 7yèm ane jiska klas 12yèm ane.

Kouman m ka konnen si pwogram ansèyman sa a bon pou pitit mwen an?

Youn nan objektif pi enpòtan pou mizajou pwogram sa a se asire chak kou yo apwopriye a laj timoun yo. Li nesèsè pou bay timoun yo enfòmasyon medikal presi yon lè e yon jan ki adapte a nivo devlopman yo. Nan tout pwogram lan yo souliyen “pa fè sèks” se pi bon mwayen pou evite moun transmèt yo *Aids* ak lòt maladi yo ka atrape lè yo fè sèks.

EGZANP BAGAY ELÈV YO APRANN NAN LEKÒL PRIMÈ

Klas jadendanfan rive klas 3yèm ane Enfòmasyon jeneral debaz sou jan pou w evite atrape maladi : lave men w, kouvri bouch ou lè w ap etènye oswa touse, e netwoye kote ki blese nan kò w epi kouvri l ak yon bandaj. Timoun yo aprann pa touche san lòt moun, e mande granmoun èd lè yon moun ap senyen. Yo aprann VIH se yon viris ki transmèt pa san moun, e ki febli sistèm defans kont maladi yon moun. Yo aprann tou pou yo konprann santiman timoun ak granmoun ki ap viv ak VIH/SIDA.

Klas 4yèm ane rive klas 5yèm ane Klas yo konsantre sou jan sistèm defans kont maladi a fonksyone e kouman transmisyon VIH la fèt. Aktivite yo fè nan klas yo souliyen jan pou yo reziste presyon negatif zanmi ap fè sou yo e kouman pou yo “chwazi zanmi ki gen menm kwayans, menm lide e menm enterè avèk yo.” Yo fè elèv yo konnen pou yo pa bwè alkòl, pou pou yo pa itilize lòt dwòg, e pou yo pa janm sèvi ak zegwi oswa lòt bagay pwenti yo itilize pou transmèt san de yon moun a yon lòt. Yo souliyen pou moun evite fè sèks.

Pou ki sa yo diskite nan kou sa yo sou konpòtman ak ladrès ki nesèsè pou elèv yo?

Bay elèv yo ransèyman medikal presi osijè VIH/SIDA ki koresponn ak laj yo reprezante sèlman yon pati de sa yon elèv bezwen aprann. Kou yo fè elèv yo vin gen konpòtman pou yo pran responsablite e konprann santiman lòt moun. Yo ede elèv yo devlope ladrès ki pèmèt yo fè chwa yo pa p regrèt nan tout aspè vi yo. Pa egzanp, elèv yo aprann reziste presyon zanmi ap fè sou yo oswa evite gen konpòtman kote y ap riske vi yo.

Ki sa yon paran oswa yon gadyen ki gen enkyetid dwe fè?

Kòdonatè paran yo gen kopi nouvo pwogram VIH/SIDA, e n ap konseye w li l epi fè anlwaye lekòl yo konnen tout kesyon, kòmantè, oswa enkyetid ou genyen. Tanpri, sonje byen dapre règleman vil Nouyòk li obligatwa pou bay tout timoun kou sou karakteristik VIH/SIDA, e sou jan yo transmèt VIH. Paran yo gen dwa mande pou yo pa kite pitit yo patisipe nan kou ki diskite mwayen pou moun pa atrape maladi a. Nou konnen kou sa yo apwopriye a laj timoun yo, epi yo pèmèt yo pwoteje tèt yo, men si w pi pito li pa asiste kou sa yo, ou dwe voye yon lèt ba direktè lekòl pitit ou a pou mande l pou yo fè pitit ou a soti nan klas la lè y ap fè kou sou mwayen *prevention* yo. Ou dwe mete nan lèt la ou pral bay timoun lan pwòp ransèyman pa w sou mwayen *prevention* yo lakay ou. Sa va fè n yon grap plezi si w mande n materyèl sou pwogram lan pou ede w fè sa.